# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–25 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु दू दिन्न के दौरा पर गोरखपुर पहुंचलें। एकरे पहिले उहां के महराजगंज जिला में नौ सौ चालीस करोड़ रूपिया क पांच सौ पांच विकास परियोजना क लोकार्पण अउर सिलान्यास कइलीं। येह मौका पर उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री क विकास परक सोच के चलते आजु देस विकास के राहि पर बढ़ि रहल। केन्द्र अउर राज्य सरकार मिल के विकास कार्यन के आगे बढ़ा रहिल हइन। कई गो परियोजना क सौगात महराजगंज जिलों के मिलल हौ। मुख्यमंत्री चउक बाजार में योगी गंभीरनाथ क प्रतिमा का अनावरण कइलें। उहां के कहलीं कि योगी गंभीरनाथ योग परंपरा के वाहक रहलें अउर चउक बाजार से उनकर गहरा जुड़ाव रहें। केन्द्रीय वित्त राज्यमंत्री पंकज चौधरीयों कार्यक्रम के संबोधित कइले। मुख्यमंत्री चउक बाजार नगर पंचायत कार्यालय अउर पीपीपी मॉडल पर महराजगंज जिला में बनल केएमसी मेडिकल कॉलेज के उद्घाटन कइलें सथहीं नौ करोड़ पचपन लाख रूपिया के लागत से बनल महंत दिग्विजयनाथ बहुउद्देसीय इनडोर स्टेडियम क लोकार्पण कइलें। गोरखपुर पहुंचले पर मुख्यमंत्री आयुष विश्वविद्यालय के निर्माण कार्य क निरीक्षण कइलें। काल्हि उहां के गोरखपुर जिला में कई गो कार्यक्रम में हिस्सा लीहें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ निवेस ले आवे वाले अउर क्रेडिट डिपॉजिट रेसियो बढ़ावे वाले कमिस्नर अउर डीएम क कोसिस के उनके सलाना गोपनीय रिपोर्ट एसीआर मे दरज कइले क फैसिला कइले हवें। मुख्य सचिव मनोज कुमार सिंह आजु येह फैसिला क जनकारी देत बतवलें कि कमिस्नर अउर डीएम के अपने क्षेत्र में निवेस ले अइले के कोसिस क रिपोर्ट बनावे के होई सथहीं हर सालि अपरैल में उनके जिला के सीडी रेसियो बतावल जाई जेहसे निवेस बढ़ावे क कोसिस अउरियो बेहतर बनि सकी।

**********

प्रदेस के नौ विधानसभा सीटिनि पर उप चुनाव बदे नामांकन अबसे थोड़ी देर पहिले खतम हो गइल। आजु आखिरी दिन्ने कई गो ओम्मेदवार नामांकन पत्र दाखिल कइलें। प्रयागराज में फूलपुर सीटि से भाजपा ओम्मेदवार दीपक पटेल परचा भरलें। येह मौका पर भाजपा नेता अउर उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्यो मौजूद रहलें। अम्बेडकरनगर के कटेहरी सीटि से भाजपा ओम्मेदवार धर्मराज निषाद के परचा दाखिला में भाजपा नेता अउर प्रदेस सरकार में मंत्री स्वतंत्रदेव सिंह हिस्सा लिहलें। मैनपुरी जिला के करहल सीटि पर भाजपा ओम्मेदवार अनुजेश यादव के परचा दाखिला में भाजपा नेता अउर प्रदेस सरकार में मंत्री असीम अरूण मौजूद रहलें। मिर्जापुर जिला के मझवां सीटि से भाजपा क सुचिष्मिता मौर्य अउर सपा से ज्योति बिंद परचा भरलिनि। एकरे अलावा ओहां से आधा दरजन से बेसी अउरियो ओम्मेदवार परचा भरलें। मुजफ़्फ़रपुर जिला के मीरापुर सीटि से रालोद के मिथिलेश पाल परचा भरलें। येह मौका पर प्रदेस सरकार में मंत्री अनिल कुमार के सथहीं कई गो सीनियर नेता मौजूद रहलें।

**********

गोरखपुर के रामगढ़ ताल में चलि रहल सब जूनियर नेसनल रोइंग चैम्पियनसीप प्रतियोगिता में आजु अट्ठाइस टीम के बिच्चे क्वाटर मैच भइल। येह में से चौदह टीमन सेमीफाइनल में पहुंचल चौदह टीमन के बिच्चे मोकाबिला चलि रहल हौ। बिहने फाइनल मैच होई अउर मुख्यमंत्री योगी आत्यिनाथ विजेता खिलाड़ियन के पुरस्कृत करिहें।

**********

मलेसिया के क्वेस्ट इंटरनेशनल यूनिवर्सिटी अउर गोरखपुर के महायोगी गोरखनाथ विश्वविद्यालय के बिच्चे सैक्षिक गतिविधि अउर अनुसंधान के बढ़ावा देवे बदे आजु एगो समझौता ज्ञापन एमओयू क आदान–प्रदान कइल गइल। महायोगी गोरखनाथ विश्वविद्यालय के कुलपति मेजर जनरल डाक्टर अतुल वाजपेयी समझौता का स्वागत करत कहलें कि एसे दुन्नो विश्वविद्यालय सैक्षणिक, अनुसंधान अउर प्रसिक्षण के प्रचार–प्रसार के नई दिसा दिहें।

**********

बनारस के कासी विस्वनाथ मंदिर के नगीचे के मसहूर अन्नपूर्णना मंदिर में येहू बेरि पांच दिन्न ले दरसन कइल जा सकेला। मंदिर के महंथ शंकर पुरी आजु बतउलें कि मंदिर में धनतेरस के दिन्ने स्वर्णमयी अन्नपूर्णना के विग्रह दरसन के साथे भक्तन के खजाना के रूप में सिक्कों बांटल जाई। उनसीस अक्टूबर के धनतेरस के दिन्ने मंदिर क कपाट एक घंटा पहिले खुल जाई ।

**********

रेल मंत्रालय देवाली अउर छठ पूजा के मौका पर सात हजार बिसेस रेलगाड़ी चलाई। रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव काल्हि नई दिल्ली में कहलें कि पछिला सालि चारि हजार बिसेस रेलगाड़ी चलावल गइल रहे।

**********